

# 2023-24 Konte Miami-Dade

## Priyorite Bidjè Jèn yo

Jèn nan Miami-Dade yo bezwen investisman ni nan kominote nou an, e ni pou avni nou tou. Nou bezwen omwen \$25 milyon dola pou nou asire avni kominote nou yo nan Miami. Nou dwe ogmante sipò nou pou anplifye vwa òganizasyon debaz ki enpòtan yo, k ap kontibye goumen kont pwoblèm lojman, klima, ak move kondisyon sosyal k ap vin pi mal nan kominote nou yo.

### **\$2 MILYON ÈD POU GOUMEN KONT CHANJMAN KLIMATIK**

Yon lòt \$2 milyon pou ede Manadjè Chalè a pou l aplike Plan Aksyon Chalè Ekstrèm lan.

### **\$5 MILYON POU JESYON IJANS**

Yon lòt \$5 milyon dola pou Depatman Jesyon Ijans pou ogmante kantite fòmasyon kominotè sou mezi ijans yo, enstale twous refwadisman nan bibliyotèk yo epi bese enpak kondisyon metewolojik (pa egzans, inondasyon) nan kominote koulè ki gen revni fèb yo.

### **\$1 MILYON POU BIBLIYOTÈK**

Atribye \$ 1 milyon dola pou gen plis travayè sosyal nan Sistèm Bibliyotèk Piblik Miami Dade la pou ede rezidan yo navige sèvis sosyal ak lojman.

### **\$10 MILYON POU ENÈJI SOLÈ**

Yon lòt \$10 milyon dola pou enèji solè nan bilding konte yo, ak priyorite pou espas piblik tankou bibliyotèk ak gwo sant transpò (pò maritim, ayewopò, estasyon transpò).

### **\$2 MILYON POU LOJMAN**

Yon lòt \$2 milyon dola pou Biwo Defans Lojman an pou anboche plis anplwaye ak travayè sosyal pou sipòte vwazen ki san kay nou yo epi pou ede lokatè yo.

### **\$2 MILYON POU SEKIRITE KATYE**

Yon lòt \$2 milyon dola pou Biwo Sekirite Katye a pou yo aplike 'Plan Lapè ak Pwosperite' a, amelyore aksè a manje ak swen sante, epi sipòte òganizasyon kominotè k ap travay pou adrese rasin ki lakòz move zak yo.

### **\$2 MILYON POU IMIGRASYON**

Yon lòt \$2 milyon dola pou Office of New Americans (Biwo Nouvo Ameriken) pou gen plis anplwaye, bay òganizasyon kominotè yo sibvansyon, epi ogmante inisyativ sitwayènte yo.

### **\$1 MILYON POU TRANSPÒ PIBLIK**

- 1) Ogmante baz salè pou operatè transpò piblik yo a \$20/èdtan.
- 2) Ogmante aksè pou pas transpò gratis ak rabè, epi bay kèk pas transpò gratis chak semèn. Pas yo ka disponib nan bibliyotèk yo.

APRANN PLIS NAN [BIT.LY/YPBP2023](https://bit.ly/ypbp2023)

## Enskri nan Priyorite Bidjè Jèn yo pou manifeste sipò w!

Nou gen yon opòtinite pou nou pran aksyon serye epi envesti nan vrè solisyon, lè nou aplike priyorite bidjè pou jèn yo pou nou rezoud kriz lojman an, adrese ogmantasyon tanperati ak dlo k ap monte yo, epi sipòte rezidan konte nou an pou ogmante sèvis pou sekirite, sitwayènte ak rezistans.

Twòp nan nou ap lite pou nou viv nan eta sa, nan mitan enstabilite lojman, chalè ekstrèm, trafik san pran souf, inondasyon nou te ka evite, mank espas kominotè, ak mank volonte politik pou pote chanjman. Ansanm, jèn yo ak gouvènman konte a kapab amelyore sitiyasyon aktyèl la.

### **Ou ta renmen patisipe ?**

Vin rankontre nou nan Odyans Bidjè Konte Miami-Dade yo

Jedi 7 ak 21 septanm

5 PM • Government Center

111 NW First Street

APRANN PLIS NAN [BIT.LY/YPBP2023](https://bit.ly/YPBP2023)

*Engage Miami bati pouvwa ak jistis sivik atravè angajman votè yo, edikasyon sivik, devlopman lidèchip, ak travay pou òganize sou pwoblèm lokal ak nasyonal.*